



Pou Piblikasyon Imedya: 23/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN YON LEJISLASYON POU ETABLI LWA CARLOS LA

Lejislasyon S.621B/A.4947B amande Lwa Penal la pou ajoute responsablite kriminèl antrepriz yo pou lanmò oswa blesi fizik grav yon anplwaye

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a yon lejislasyon ki tabli Lwa Carlos (Carlos' Law) Lejislasyon an(S.621B/A.4947B) amande lwa penal la pou ajoute responsablite kriminèl antrepriz yo pou lanmò oswa blesi fizik grav yon anplwaye, yon krim oswa yon deli, ak yon amann jiska 500,000 dola.

"Travayè konstriksyon yo se motè ki fè ekonomi nou an mache, epi yo merite pwoteksyon solid dapre lalwa." **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lejislasyon sa a pral ajoute yon nouvo kouch responsablite pou pwotokòl sekirite epi li pral etabli pwoteksyon enpòtan pou moun ki fè travay enpòtan, ki difisil, e souvan danjere sa a. Mwen remèsye moun ki sipòte pwojè lwa yo pou patenarya yo pou yo reyalize sa, e mwen espere ke sa bay yon kantite rekonfò pou fanmi ak moun ki renmen Carlos yo."

Lwa Carlos' (S.621B/A.4947B) kreye pi gwo responsablite pou blesi trajik ak blesi ki ka evite travayè yo nan sit konstriksyon New York yo. Dapre nouvo lejislasyon an, yon antrepriz ki koupab de responsablite kriminèl antrepriz pou lanmò oswa blesi yon travayè lè li lakoz lanmò yon anplwaye yon fason neglijan, ensousyan, entansyonèl, oswa toutespre oswa blesi fizik grav pandan yo nan travay la. Lejislasyon an pote non Carlos Moncayo, yon travayè konstriksyon ki te gen 22 zan ki te mouri trajikman nan yon chantye Vil New York an 2015.

Senatè James Sanders Jr. te deklare, "An 2015, Carlos Moncayo, 22 zan, yon rezidan nan Queens ak yon imigran Ekwatè, te mouri nan espas travay la akòz patwon li yo ki inyore avètisman repete sou kondisyon danjere yo te mete Mesye Moncayo ladan an. Nan ka li a, jistis pa te aplike epi patwon li yo chape yon pinisyon apwopriye pou aksyon kriminèl. Depi lè sa a, anpil travayè New York te sibi blesi grav epi menm lanmò sou chan travay la akòz konpòtman parèy sipèvizè yo san yo pa fè fas ak tout konsekans aksyon pa yo. Lwa Carlos pral finalman ranfòse lwa a pou kenbe patwon yo responsab kòm sadwa epi ede dekouraje konpòtman kriminèl alavni epi anpeche blesi ak lanmò travayè yo alavni."

Manm Asanble Rodneyse Bichotte Hermelyn, te deklare, "Aprè plizyè ane nan batay pou pwojè lwa patwone mwen an, nou soulaje paske Gouvènè Hochul te siyen Lwa Carlos la pou anpeche konpayi konstriksyon san skripil yo pran avantaj sou klas travayè a, espesyalman travayè imigran yo nan distri mwen an. Aprè plizyè okazyon, mwen kontan finalman rann konpayi konstriksyon yo responsab pou bay fòmasyon ak sekirite nan espas travay la ki apwopriye. Lwa Carlos la pral fòse konpayi konstriksyon yo kounye a pou valorize byennèt travayè yo, olye pou yo konsidere blesi grav nan travay yo kòm yon kou pou fè biznis. Lwa amande a elaji tou definisyon ak pwoteksyon 'anplwaye' pou genyen ladan yo soutretan, ouvriye ak lòt travayè ki merite dwa sa yo, pandan y ap ajoute kilpabiite pou patwon yo. Malgre ke gen yon amann ki ka egzekite ki pral dekouraje vyolatè yo, p ap janm gen ase lajan pou pote ramne yon lavi."

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "Fanm ak gason ki bati Eta New York merite kondisyon travay ki satisfè pi wo estanda sekirite ak sante yo epi mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li te adopte Lwa Carlos la pou rann kontraktè ki san skripil yo responsab. Nou ankouraje biznis ki kalifye yo pou yo pwofite pwogram konsiltasyon sou plas gratis DOL la pou asire espas travay yo an sekirite pou anlwaye pa yo."

Vis Prezidan LIUNA nan Rejyon Lès la, Mike Hellstrom te deklare, "Nou bat bravo pou Gouvènè a paske li siyen Lwa Carlos la. Gen yon travayè konstriksyon ki mouri sou chantye yo nan New York chak 5 a 6 jou. Pwojè lwa sa a, ki ta pèmèt yon penalite jiska senkant fwa plis pase sa anlwayè Carlos la te sibi a, pral avantou sèvi kòm yon prevantif. Lejislati a ak Gouvènè Hochul rekonèt epidemi vityèl travayè konstriksyon k ap mouri yo dwe fini. Nan moso lejislasyon sa a, nou fè yon gwo pa pou pi devan nan objektif sa a. Nou remèsye yo pou sipò yo bay travayè New York yo."

Direktè Komèsyal Konsèy Distri Mason Tenders la Mike Prohaska, te deklare, "Konstriksyon se yon biznis ki natirèlman danjere. Men, li pa dwe yon biznis mòtèl. Move aktè yo chèche travayè ki pi eksplwatab yo pou jere chantye pa yo. Nan apeprè kat sou chak senk lanmò viktim lan se yon imigran san reprezantasyon sendika. Sou chantye nou yo, nou pwoteje travayè yo. Nou remèsye Gouvènè Hochul jodi a paske li defann travayè sa yo ki pa gen ase chans pou yo nan yon sendika."

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418